



Pou Piblikasyon Imedya: 10/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN OUVÈTI DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB KI KOUTE 2.4 MILYON DOLA NAN BUFFALO

*Cigar Factory Apartments kreye nouvo lojman abòdab ak espas komèsyal nan Lès Buffalo*

*Foto yo disponib [isit la](#)*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse finisman yon devlopman lojman a izaj mikis ki koute 2.4 milyon dola ki pote 11 lojman abòdab ak espas komèsyal nan Kot Lès Buffalo. Cigar Factory Apartments gen ladan reyamenajman sit istorik Faktori Siga Jankowski (Jankowski Cigar Factory) ak nouvo konstriksyon yon bilding sou kote a.

"Devlopman sa se yon gwo eleman nan angajman nou pou fè sa ki kòrèk la nan Lès Buffalo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras ak 2 milyon dola nan finansman eta a, Cigar Factory Apartments te transfòme yon ansyen izin siga pou tounen kay ki bèl, sekirite ak abòdab. Avèk gwo ouvèti jodi a, anplis 50 milyon dola pou sipòte mèt kay yo ak revitalize distri komèsyal yo, n ap investi nan Lès Buffalo pou leve tout kominote a".

Cigar Factory Apartments konplete plan global Gouvènè Hochul la pou fè lojman vin pi abòdab, ekite ak estab. Nan Bidjè Eta 2022-23 a, Gouvènè a te prezante ak reyisi jwenn yon nouvo plan lojman konplè sou senk ane k ap koute 25 milya dola ki pral ogmante rezèv lojman an gras a kreyasyon oswa prezèvasyon 100,000 kay bon mache nan New York, sa gen ladan 10,000 avèk sèvis soutyen pou popilasyon frajil yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Cigar Factory Apartments gen ladan sèt apatman yon chanmakouche ak kat apatman de chanmakouche, plis yon ti kafe nan premye etaj la. Tout apatman yo nan pri abòdab pou fanmi ki ap touche pi ba pase 50 pousan Revni Medyan Zòn lan.

An 2015, Broadway Fillmore Neighborhood Housing Services (BFNHS) te achte sit faktori siga a, ki sitiye nan 595 Fillmore Avenue, men anpil nan bilding lan te detwi nan dife kèk semèn apre. BFNHS te kapab sove de bilding pa dèyè pwopriete a, ki gen ladan yon bilding briq kote fèy tabak yo te seche epi prepare pou woule. BFNHS te achte annapre sit sou kote nan 591 Filmore. Devlopman an chita nan pòtay prensipal Tèminal Santral istorik Buffalo a, ki pral byento reyamenaje avèk plis pase 60 milyon

dola nan finansman Patenarya Revitalizasyon Rejyonal (Regional Revitalization Partnership, RRP) Eta a ke Gouvènè a [te anonse](#) nan mwa jen epi li toupre Mache ki rele Broadway Market ki gen yon syèk la, ki pral resevwa tou 37 milyon dola nan men RRP pou fè gwo amelyorasyon.

Finansman Eta a pou Cigar Factory Apartments te gen ladan 1.9 milyon dola nan finansman pwogram lokal HOME lan ak 40,000 dola ki soti nan Fon Envestisman Kominotè Riral ak Iben nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta New York la. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te bay 11,000 dola kòm sipò atravè Pwogram Nouvo Konstriksyon Rezidansyèl Ti Bilding (Low-rise Residential New Construction Program) li an. HomeFront te bay 160,000 dola epi vil Buffalo te bay 11,000 dola.

Gouvènè Hochul te [anonse](#) 50 milyon dola nan envestisman sible kòm yon pati nan efò kontinyèl eta a pou abòde bezwen imedyà kominote Lès Buffalo apre atak teworis sipremasi blan an nan makèt Tops nan 14 me 2022 Pratik diskriminasyon ak prè predatè modèn istorik yo te destabilize anpil lojman nan Lès Buffalo epi anpeche kapasite pou moun, fanmi yo, ak kominote a kreye richès. Eta a te pran mezi imedyà pou [ede mèt kay ki gen difikilte](#) nan Lès Buffalo avèk yon envestisman 34.5 milyon dola, ki gen ladan:

- 20 milyon dola pou Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York ak Depatman Fiskalite ak Finans lan pral sèvi jiska 4,000 [mèt kay ki bezwen èd pou aryere enpo, dlo ak egou](#).
- 10 milyon dola pral sèvi jiska 1,000 mèt kay avèk [kay ki bezwen gwo reparasyon yo](#).
- 4.5 milyon dola pral sèvi jiska 150 mèt kay ki pral gen aksè nan [èd pou peman inisyèl](#).

Gouvènè Hochul te [anonse](#) dènyeman ke aplikasyon yo ouvri 9 out pou pwogram lojman konplè yo ki bay rezidan Lès Buffalo yo sipò. Rezidan yo ka rele 211 pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram yo ak fason pou yo aplike.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare,** "Cigar Factory Apartments se yon eleman presye nan envestisman aktyèl Eta a nan Kot Lès Buffalo a. Devlopman sa bay kay ki sekirite, konfòtab ak abòdab pou 11 fanmi k ap viv isit la aktyèlman epi te kreye espas komèsyal presye nan yon lokal estratejik nan katye Broadway-Fillmore. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li nan kominote Kot Lès la epi remèsye patnè nou yo nan Sèvis Lojman Katye Fillmore la yo pou sipò yo nan rann devlopman sa posib".

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, te deklare,** "Avèk gran ouvèti Cigar Factory Apartments, rezidan Kot Lès Buffalo yo gen pi gwo aksè nan lojman abòdab ki efikas pou enèji epi adapte ak anviwònman, ki demontre yo ka pote bilding istorik yo nan yon avni ki gen enèji pwòp. NYSERDA kontan sipòte pwojè sa, ak lòt tankou li, pou asire sitwayen ki pi vilnerab nan New York yo benefisye tranzisyon Eta a pou pase nan yon

ekonomi ki net nan kabòn ki gen bilding ki sen, rezistan epi adapte ak klima pou moun viv ladan yo".

**Stephen Karnath, Direktè Egzekitif Broadway-Fillmore NHS, Inc. & HomeFront, te deklare,** "Pwojè sa te simonte yon bann obstak pou rive jounen jodi a, sa gen ladan yon ensandi devastatè touswit apre nou te fin achte li ak yon pandemi ki te ralanti konstriksyon an. Li ka yon ti pwojè men nou kwè li ka transfòmètè. Li repete pase li kòm yon magazen siga ak kay fanmi, epi li ofri yon pòtay pou avni katye Broadway Fillmore".

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare,** "Pwojè sa a se yon lòt egzanp ankò sou sa ki ka reyalize lè nou pran angajman pou prezève pase vil nou an ak enkòpore li nan avni dinamik n ap bati a. Atravè vizyon Direktè Egzekitif Broadway-Fillmore Neighborhood Housing Services, Stephen Karnath ak Carmina Wood Morris, ak sipò Eta New York, sit sa a ap vin vivan yon lòt fwa ankò, epi ap transfòme yon estrikti istorik pou tounen yon espas ki santre sou kominote a".

**Majistra Byron W. Brown te deklare,** "Mwen felisite Broadway Fillmore Neighborhood Housing Services pou tenasite li nan fini pwojè lojman abòdab ak komès detay sa a. Transfòme ansyen Faktori Siga Jankowski pou tounen rezidans se te yon efò konsiderab, men simonte dife 2015 la, te mande yon angajman ki te depase ak ale odela. Devlopman sa a, ki sitiye nan pòtay Tèminal Santral Buffalo a, se yon adisyon enpòtan nan efò jeneral Vil la ak Eta New York pou revitalize koridò Broadway Fillmore ak Lès Buffalo".

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418